



Swen timoun ak Sipò Fanmi DHSP Pwosesis Aplikasyon Lotri Preskolè DHSP

1. Aplike an pèsòn nan dat 1ye - 31 oktòb

Kote pou w aplike	Kilè pou w aplike parapò ak kote w ye
Department of Human Service Programs (Depatman Pwogram Sèvis Moun) 51 Inman St., 3rd floor Cambridge, MA 02139	Lendi: 8:30 a.m. - 8:00 p.m. Madi - Vandredi: 8:30 a.m. - 5:00 p.m.
Center for Families (Sant pou Fanmi yo) 70 Rindge Ave. (back of building) Cambridge, MA 02140	Lendi - Vandredi: 9:00 a.m. - 4:30 p.m.
Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) Sant Enskripsyon Elèv Cambridge Rindge & Latin School 459 Broadway Cambridge, MA 02138	Lendi - Vandredi: 8:30 a.m. - 3:30 p.m.

2. Ou dwe genyen kopi dokiman ki vini annapre yo pou w patisipe nan Lotri Preskolè DHSP a:

Tip dokiman	Egzanp dokiman
Aplikasyon lotri	<ul style="list-style-type: none"> Aplikasyon Lotri DHSP
Prèv Salè ak Gwosè Fanmi (Fanmi ki genyen yon Salè Brit ki depase \$204,000 pa bezwen pwouve salè paske y ap peye frè eskolarite ki pi chè a.)	<ul style="list-style-type: none"> Deklarasyon enpo AK 4 souch chèk pèman youn dèyè lòt (oswa dènye 30 jou yo) OSWA Lèt nenpòt avantaj w ap resevwa aktyèlman (TANF, SSI, SNAP, WIC, elatriye.)
Prèv Laj Timoun nan (Dat nesans ant 1/4/16 - 1/1/18)	<ul style="list-style-type: none"> Sètifika nesans OSWA Paspò timoun nan
Prèv Adrès*	Youn nan sa ki vini annapre yo: <ul style="list-style-type: none"> Kontra lokasyon Ipotèk Lèt founisè lojman Fakti sèvis piblik pou 2 dènye mwa yo Fòm Doublaj

* Anplwaye Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge ta dwe bay prèv anplwa chak ane. Y ap evalye kapasite anplwaye Cambridge ak Cambridge Public Schools (Lekòl Piblik Cambridge) ki pa rezidan Cambridge pou antre nan lotri a chak ane.

3. Y ap enfòmè fanmi yo sou rezilta lotri a an desanm.

4. Si yo ofri w yon plas, ou dwe aksepte oswa refize plas la rive nan dat 31 janvyè.

5. Y ap ajoute tout fanmi yo pa bay plas nan preskolè nou an sou yon lis atant ki pral rete an plas jiska oktòb lòt ane a.